

**DAMEL MEDIA PASINAON BIANGLALA AKSARA MURDA
KANGGE PIWULANGAN SISWA SMP KELAS VIII**

RINGKESAN SKRIPSI

**Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
kangge Njangkepi Salah Satunggaling Sarat Anggayuh
*Gelar Sarjana Pendidikan***



**Dening:
Zulistiya Pratika
NIM 14205241084**

**Yogyakarta, 29 Juni 2018
*Pembimbing***



**Nurhidayati, S.Pd., M.Hum.
NIP. 19780610 200112 2 002**

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

DAMEL MEDIA PASINAON BIANGLALA AKSARA MURDA KANGGE PIWULANGAN SISWA SMP KELAS VIII

Dening:
Zulistiya Pratika
14205241084

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah tigang ancas. Andharan ancas panaliten inggih menika: (1) ngandharaken caranipun damel *media pasinaon bianglala aksara murda*, (2) ngandharaken *kualitas-ipun media pasinaon bianglala aksara murda* dening dosen *ahli matei saha dosen ahli media*, saha (3) ngandharaken pambiji guru basa Jawi tumrap *media pasinaon bianglala aksara murda*.

Panaliten menika kalebet panaliten *Research and Development (R&D)*. *Tataran-tataran* ingkang dipuntindakaken ing panaliten menika inggih: (1) *Analysis (analisis)*, (2) *Design (perancangan)*, saha (3) *Development (pengembangan)*. *Produk media pasinaon* dipunsuwunaken *validasi* dhateng dosen ngantos pikantuk *kualitas media* ingkang sae. Salajengipun dipunsuwunaken pambiji dhateng guru. *Data* dipunkempalaken ngginakaken *angket*. Cara anggenipun *nganalisis data* ngginakaken *analisis deskriptif*.

Asiling panaliten menika nedahaken bilih: (1) caranipun damel *media pasinaon bianglala aksara murda* wonten tigang *tataran* inggih menika: (a) *Analysis (analisis)* katindhakaken kanthi *analisis kurikulum* saha *analisis kabetahan*, (b) *Design (perancangan)* kathindhakaken kanthi ngempalaken *referensi*, damel *flowchart*, saha damel *storyboard*, saha (c) *Development (pengembangan)* katindhakaken kanthi damel *media* inggih menika damel *media pasinaon bianglala aksara murda* ingkang dipunjangkepi kaliyan *buku saku* saha *validasi* ingkang katindakaken dhateng dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, saha pambiji guru basa Jawi. (2) Asiling *angket* pambiji *kualitas media* dening dosen *ahli materi* pikantuk biji 95,5% saha pambiji dening dosen *ahli media* pikantuk biji 82,5%. (3) Asiling *angket* pambiji guru basa Jawi SMP N 3 Sewon tumrap *media pasinaon bianglala aksara murda* pikantuk biji 100%. Asiling pambiji menika nedahaken bilih *media pasinaon bianglala aksara murda* saged kangge *media* wonten pasinaonan aksara murda ingkang saged narik kawigatosanpun siswa.

Pamijining tembung: *Media Pasinaon, Bianglala Aksara murda*

A. PURWAKA

Basa Jawi inggih menika salah satunggaling *mata pelajaran* ingkang wajib dipunwulangaken wonten sekolah, saking *jenjang* SD, SMP, dumugi SMA. *Mata pelajaran* Basa Jawi kalebet wonten *mata pelajaran muatan lokal wajib*, menika miturut *Keputusan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor 64 Tahun 2013 tentang Mata Pelajaran Bahasa Jawa Sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/Madrasah*.

Mata pelajaran Basa Jawi minangka *muatan lokal wajib* ingkang kedah dipunwulangaken mliginipun wonten SMP (*Sekolah Menengah Pertama*), gadhah mapinten-pinten *materi*. Salah satunggalipun inggih menika aksara Jawa. Wonten *jenjang* SMP, *materi* aksara Jawa dipunwulangaken wonten sedaya kelas inggih menika kelas VII, VIII, saha IX. *Materi* menika dipunwulangaken wonten *semester* 2.

Wonten kelas VIII *materi* aksara Jawa *Kompetensi Inti-nipun* inggih menika “*Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural), berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata*” kanthi *Kompetensi Dasar* “*Membaca dan menulis kalimat beraksara Jawa*”.

Saking *Kompetensi Dasar* menika *materi* aksara Jawa ingkang dipunwulangaken inggih menika angka Jawa, gugus aksara, aksara swara, saha aksara murda. Saking sekawan *materi* menika, miturut para siswa *materi* ingkang angel dipunapalaken inggih menika aksara murda. Boten namung angel anggenipun ngapalaken kemawon, ananging ugi wonten siswa ingkang boten mangertos sejatosipun ginanipun aksara murda.

Adhedhasar wawanrembag kaliyan guru basa Jawi SMP Negeri 3 Sewon inggih menika Ibu Alfiyah, S.Pd., salah satunggaling faktor ingkang ndadosaken siswa angel anggenipun ngapalaken aksara murda inggih menika kirangipun pirantos kangge ngandharaken *materi* aksara murda. Pirantos ingkang dipunmaksud inggih menika *media* pasinaon. *Media* pasinaon ingkang wonten ing sekolah inggih menika namung *media* Buku *Pendamping Bahan Ajar “Widya Tamansari”*. *Media* menika

taksih kirang menarik, dereng saged narik kawigatosanipun para siswa. Menapa malih siswanipun menika taksih remen gegojekan saha dolanan, menika ndadosaken pasinaon aksara murda wonten kelas dados rame.

Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih siswa taksih mbetahaken *media* ingkang saged narik kawigatosanipun. *Media* ingkang dipunmaksud inggih menika *media* pasinaon aksara murda ingkang saged ngampilaken siswa kangge ngapalaken aksara murda. Menawi sampun apal salajengipun siswa saged maos ukara mawi aksara Jawa ingkang salebetipun ngandhut aksara murda. Ananging miturut Ibu Alfiah, S.Pd., *media* ingkang dipunbetahaken inggih menika *media* ingkang wujudipun *konkrit* saha *media* ingkang boten mbetahaken listrik saha *komputer*. Amargi piwulangan aksara murda dipunwulangaken ing *semester 2* bebarengan kaliyan siswa kelas IX SMP *Ujian Nasional* ingkang samenika *basis-ipun Ujian Nasional Berbasis Komputer (UNBK)*. Andharan menika gadhah ancas supados piwulangan aksara murda kelas VIII SMP boten ganggu siswa kelas IX SMP anggenipun nyamektakaken *UNBK*.

Awit saking andharan menika lajeng dipundamel *media kreatif* ingkang boten ngginakaken *komputer* kangge piwulangan aksara murda inggih menika *bianglala* aksara murda. *Media* pasinaon *bianglala* aksara murda menika mahyakaken pitung aksara murda, pasanganipun, aksara latinipun, saha tuladha ukara mawi aksara murda. *Media* dipundamel kanthi warni ingkang warna-warni, bentuk ingkang *unik* inggih wonten *papan* ingkang saged dipunubengaken.

Media pasinaon *bianglala* aksara murda menika ugi dipunjanglepi kaliyan *buku saku*. *Buku saku* menika wosipun ngandhut bab aksara Jawa nglegena saha pasanganipun, aksara murda saha pasanganipun, ginanipun aksara murda, saha gladhen maos aksara murda. *Buku saku* menika ginanipun kangge pandom siswa nalika sinau aksara murda ngginakaken *media* pasinaon *bianglala* aksara murda.

Media pasinaon wonten panaliten menika sasampunipun dipundamel dipunsuwunaken pambiji dhateng dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media* kanthi *validasi*. *Validasi* menika dipuntindakaken supados pikantuk pamrayogi saha

evaluasi media. Pamrayogi saha *evaluasi* menika dipunginakaken kangge dhasar *revisi media* supados *media* gadhah *kualitas* ingkang sae.

Validasi dhateng dosen *ahli* dipuntindakaken dumugi *media* pasinaon *layak uji coba*. Nalika *media* pasinaon sampun *layak uji coba*, lajeng *media* pasinaon dipunsuwunaken pambiji dhateng guru basa Jawi. *Validasi* dosen *ahli* saha pambiji guru basa Jawi menika dipuntindakaken supados panaliti saged ngasilaken *media* pasinaon *bianglala* aksara murda ingkang gadhah *kualitas* sae, saengga dipunajib saged narik kawigatosanipun siswa saha saged mbiyantu siswa anggenipun sinau maos aksara murda.

Adhedhasar andharan dhasaring panaliten saha winatesing perkawis, wosing panaliten menika badhe karembag:

1. Kados pundi anggenipun damel *media* pasinaon *bianglala* aksara murda?
2. Kados pundi *kualitas media* pasinaon *bianglala* aksara murda ingkang dipundamel?
3. Kados pundi pambiji guru basa Jawi tumrap *media* pasinaon *bianglala* aksara murda?

B. GEGARAN TEORI

1. Media Pasinaon

Tembung *media* asalipun saking basa latin inggih menika “*medius*”, ingkang tegesipun *perantara* utawi *pengantar* (Susilana saha Riyana, 2008:5). Awit saking menika, tegesipun *media* inggih menika samubarang ingkang nglantaraken pesan saking tiyang ingkang ngirim dhateng tiyang ingkang narima. Miturut Heinich lumantar Arsyad (1997:4), *media* inggih menika pirantos miangka sara kangge nglantaraken pesan saking *sumber* dhateng panarima. Menawi pesan ingkang dipunbta menika wonten gegayutanipun kaliyan pasinaonan, lajeng *media* menika dipunsebat *media* pasinaon. Wati (2016:2) ugi paring pamanggih bilih *media* pasinaon inggih menika pirantos ingkang saged mbiyantu nyaluraken pesan supados ancasing pasinaon saged kagayuh. *Media* minangka samubarang ingkang saged

ngrangsang penggalih saha kepinginan siswa saengga saged nuwuhaken rasa purun sinau tumrap siswa piyambak. *Media* saged dipunginakaken minangka sarana kangge damel *hubungan* antawisipun siswa saha guru saged langkung raket.

2. Bianglala

Bianglala inggih menika salah satunggaling *media* pasinaon *kreatif*. Media menika kadosta *model bianglala* ingkang wonten ing Taman Impian Jaya Ancol, Jakarta. Samubarang ingkang bentukipun bunder saha saged mubeng. Wonten 7 perangan inti saking media pasinaon menika inggih *papan* aksara 1, papan aksara 2, tiga tiang ingkang dados saka, kotakan ingkang dipundadosaken lemek, panah, kotak, saha kertu aksara.

3. Aksara Murda

Miturut Padmosoekotjo (1989:37), murda gadhah teges sirah. Dados aksara murda inggih menika aksara sirah. Aksara murda sejatosipun menika boten wonten. Wondene ingkang dipunarani aksara murda utawi ingkang dipunanggep aksara murda inggih menika aksara Mahaprana. Aksara mahaprana inggih menika aksara ingkang pancene kedah dipunucapaken kanthi abab ingkang kathah. Akara murda miturut Padmosoekotjo cacahipun wonten 7 inggih menika aksara Na, Ka, Ta, Sa, Pa, kaliyan Ba. wujud ingkang aksara murda saha pasangan saged dipuntingali wonten *gambar* ing ngadhap menika.

Aksara murda menika namung dipunginakaken ing tata prungu, tegesipun kangge pakurmatan. Babagan menika ingkang ndadosaken aksara murda boten saged menawi dipunsebat *huruf kapital*. Wonten panyerating aksara murda wonten salebeting tembung, aksara murda boten kenging kangge sesigeging wanda, dados boten kenging dipunpangku saha dipunpasangi. Ginanipun aksara murda menika namung dipunginakaken wonten tembung tartamtu kemawon. Wonten 4 ginanipun aksara murda inggih menika kangge nyerat asma tiyang, kangge nyerat nama *geografis* (papan panggenan), kangge nyerat tembung Gusti Allah, saha kangge nyerat singkatan gelar kraton.

C. METODE PENELITIAN

Penelitian ini termasuk penelitian *Penelitian dan Pengembangan* atau *Research and Development (R&D)*. *Penelitian dan Pengembangan* atau *Research and Development (R&D)* adalah penelitian yang mengarahkan langkah awal salah satu produk atau menyempurnakan produk yang sudah ada (Dharma, 2008). Menurut Sugiyono (2007:407), *Research and Development (R&D)* adalah metode penelitian yang dipergunakan untuk menghasilkan produk baru, atau uji keefektifan produk yang sudah ada. Salah satu alasan yang mungkin dipertimbangkan untuk *Penelitian dan Pengembangan* atau *Research and Development (R&D)* adalah penelitian yang dipergunakan untuk menghasilkan produk baru atau menyempurnakan produk yang sudah ada.

Langkah penelitian *Research and Development (R&D)* adalah penelitian yang menggunakan model *ADDIE*. Menurut Mulyatiningsih (2013:199), *ADDIE* adalah kepanjangan dari *Analysis, Design, Development, Implementation, and Evaluations*. Salah satu alasan yang mungkin dipertimbangkan untuk langkah penelitian *Research and Development (R&D)* dengan model *ADDIE* adalah yang memiliki lima tahapan yang adalah: 1) *Analysis (Analisis)*, 2) *Design (Perancangan)*, 3) *Development (Pengembangan)*, 4) *Implementation (Implementasi)*, dan 5) *Evaluations (Evaluasi)*. Salah satu alasan yang mungkin dipertimbangkan untuk langkah penelitian *R&D* dengan model *ADDIE*, adalah penelitian yang memungkinkan tahapan satu kali dengan lima tahapan yang adalah *Analysis, Design, dan Development*. Tiga tahapan yang akan diarahkan untuk mengidentifikasi masalah.

Desain pengembangan produk adalah penelitian pengembangan media yang menggunakan desain penelitian deskriptif. Desain penelitian deskriptif adalah yang mengarahkan asumsi pengembangan kualitas media yang dipertimbangkan oleh dosen ahli materi, dosen ahli media, dan guru bahasa Jawa.

Jenis data yang dipergunakan dalam penelitian ini adalah data kualitatif dan kuantitatif. Data kualitatif dibedakan menjadi kategori yang adalah: SS (Sangat), S (Sedang), C (Cukup), K (Kurang), dan KC (Kurang Sangat). Data kualitatif

awujud biji *kategori* menika salajengipun dipunewahi dados data *kuantitatif*. Data *kuantitatif* awujud biji inggih menika SS (Sae Sanget) dipunbiji 5, S (Sae) dipunbiji 4, C (Cekap) dipunbiji 3, K (Kirang) dipunbiji 2, saha KC (Kirang Sanget) dipunbiji 1.

Pandom biji *kualitas media* dipuntindakaken kanthi pados biji saking dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, saha guru basa Jawi. Salajengipun pirantos ingkang dipunginakaken awujud angket *validasi* pambijining *media* pasinaon.

Caranipun nganalisis *data* wonten ing panaliten *pengembangan* menika wonten kalih *tataran*, inggih menika ngewahi biji *kategori* dados *skor penilaian* saha nganalisis *skor*. Wonten *analisis data* ingkang awujud biji *kategori*. Biji *kategori* kasebut salajengipun dipunewahi dados *skor* pambiji. *Kriteria* anggenipun ngewahi kasebut kados menika SS (Sae Sanget) dipunbiji 5, S (Sae) dipunbiji 4, C (Cekap) dipunbiji 3, K (Kirang) dipunbiji 2, saha KC (Kirang Sanget) dipunbiji 1. Miturut Sugiyono (2007:137), *proses* nganalisis *skor* dipuntindakaken kanthi cara ngetang cacahipun *skor* ingkang dipunpikantuk saking panaliten ingkang dipunperang mawi cacahipun *skor ideal* kangge sedaya *item* ingkang dipunpingaken kalihan 100%.

D. Asiling Panaliten

1. Tataran Damel Media Bianglala Aksara Murda

a) Analisis (analisis)

Tataran ingkang sepisan dipuntindakaken inggih menika *analisis*. *Tataran analisis* katindakaken kanthi *analisis kurikulum* saha *analisis* kabetahan siswa. *Analisis kurikulum* katindakaken kanthi maos saha mangertosi *kurikulum* ingkang dipunginakaken ing pasinaoan basa Jawi wonten kelas VIII SMP Negeri 3 Sewon. *Kurikulum* ingkang dipunginakaken inggih menika *kurikulum 2013 provinsi DIY*. *Analisis* kabetahan siswa katindakaken kangge mangertosi menapa ingkang dipunbetahaken siswa wonten salebeting pasinaoanan. Asiling *analisis* kabetahan siswa inggih menika siswa taksih kangelan anggenipun ngapalaken aksara murda. Kawontenan menika dipunsebabaken saking kirangipun *media* saha *media* ingkang dipunginakaken menika kirang narik kawigatosanipun siswa saengga boten saged

nuwuhaken *motivasi* siswa kangge sinau. Awit saking kawontenan menika, lajeng kapilih *materi* aksara murda ingkang badhe dipundamel *media*. Saking *materi* ingkang sampun kapilih, lajeng katemtokaken *media* pasinaon ingkang badhe dipundamel inggih menika *media* pasinaon *bianglala* aksara murda. *Media* pasinaon *bianglala* aksara murda menika wonten kalih perangan inggih menika perangan *bianglala* saha *buku saku*.

b) *Design (perancangan)*

Wonten ing *tataran* menika, katemtokaken *rancangan media* ingkang trep kangge sinau *materi* aksara murda inggih menika *bianglala aksara murda* saha *buku saku*. Ananging sakderengipun *media* dipunrancang, panaliti kedah ngempalaken *sumber pustaka* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan *materi* inggih menika *materi* bab aksara murda. Sasampunipun *media* dipunrancang, panaliti nemtokaken *materi* saha *evaluasi*. Adhedhasar rantaman *materi* menika lajeng dipundamel *flowchart*. *Flowchart* menika dipunginakaken kangge nggampilaken panaliti damel *rancangan media*. Saking *flowchart* ingkang sampun dipundamel, lajeng dipundamel *storyboard* utawi naskah *media* ingkang nggambaraken wosipun *media*.

c) *Development (pengembangan)*

Wonten *tataran pengembangan* menika kaperang dados kalih cak-cakan inggih menika damel *media* pasinaon saha *validasi*. *Media* pasinaon ingkang dipundamel inggih menika *bianglala* aksara murda saha *buku saku* kanthi wujud cithak. *Tataran* menika dipunwiwiti kanthi damel *media bianglala*. Sasampunipun *media* *bianglala* aksara murda dados, dipunlajengaken damel *media buku saku*. Anggenipun damel *media buku saku* inggih menika kanthi dipuncithak wonten kertas.

Nalika *media* pasinaon *bianglala* aksara murda saha *buku saku* sampun dados anggenipun damel kanthi awujud cithak, salajengipun dipuntindakaken *validasi*. Wonten *tataran* menika mbetahaken dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media* minangka *validator*. *Validasi* dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media* katindakaken dumugi *media bianglala* aksara murda saha *buku saku* sampun gadhah

kualitas ingkang sae. Nalika *media* ingkang dipundamel *kualitas*-ipun sampun sae, salajengipun dipunsuwunaken pambiji dening guru basa Jawi.

2. ***Kualitas Media Pasinaon Bianglala Aksara Murda***

a) ***Validasi Kualitas Materi dening Dosen Ahli Materi***

Validasi dening dosen *ahli materi* dipuntindakaken supados pikantuk pambiji saha pamrayogi tumrap andharan *materi* ingkang wonten ing salebeting *media* pasinaon ingkang sampun dipundamel. Pamrayogi saking dosen *ahli materi* dipunginakaken minangka dhasar kangge ndandosi *media*, saengga ngasilaken *media* kanthi *kualitas* ingkang sae. Dosen *ahli materi* minangka *validator* inggih menika Ibu Venny Indria Ekowati, M.Litt. *Validasi* dening dosen *ahli materi* dipuntindakaken saking *tataran* I dumugi *tataran* IV. Asiling *validasi kualitas materi* saking dosen *ahli materi tataran* I, *tataran* II, *tataran* III, saha *tataran* IV saged dipuntingali wonten *tabel* ngandhap menika.

No	Indikator	Tataran I		Tataran II		Tataran III		Tataran IV	
		Biji	Kategori	Biji	Kategori	Biji	Kategori	Biji	Kategori
1	<i>Kualitas</i> anggenipun paring <i>motivasi</i> siswa	4	Sae	4	Sae	4	Sae	4	Sae
2	Jumbuhipun <i>indikator</i> kaliyan <i>Kompetensi Dasar</i>	4	Sae	4	Sae	4	Sae	5	Sae Sanget
3	Jumbuhipun <i>materi</i> kaliyan <i>Kompetensi Dasar</i>	4	Sae	4	Sae	4	Sae	4	Sae
4	Leresipun <i>materi</i>	1	Kirang Sngaet	2	Kirang	4	Sae	5	Sae Sanget
5	Cethanipun andharan	1	Kirang Sanget	1	Kirang Sanget	4	Sae	5	Sae Sanget

No	Indikator	Tataran I		Tataran II		Tataran III		Tataran IV	
		Biji	Kategori	Biji	Kategori	Biji	Kategori	Biji	Kategori
6	Jumbuhipun gladhen kalihan indikator	1	Kirang Sanget	1	Kirang Sanget	4	Sae	5	Sae Sanget
7	Leres anggenipun ngginakaken basa kalihan ejaan	3	Cekap	3	Cekap	4	Sae	5	Sae Sanget
8	Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertosi	4	Sae	4	Sae	5	Sae Sanget	5	Sae Sanget
9	Leresipun aksara Jawa	1	Kirang Sanget	1	Kirang Sanget	5	Sae Sanget	5	Sae Sanget
Cacahipun Biji		23	Cekap	24	Cekap	38	Sae Sanget	43	Sae Sanget
Rerata <i>Persentase</i> Biji		51,1%		53,3%		84,4%		95,5%	

Adhedhasar tabel ing nginggil menika saged dipunandharaken bilih pambiji saking dosen ahli materi ing validasi tataran I pikantuk rerata persentase biji 51,1% ingkang kagolong cekap. Saking pambiji menika, dosen ahli materi paring dudutan bilih media pasinaon menika dereng layak saengga kedah dipundandosi miturut pamrayoginipun supados kualitas media langkung sae.

Sasampunipun media pasinaon dipundandosi jumbuh kaliyan pamrayogi saking dosen ahli materi wonten validasi tataran I, lajeng dipuntindakaken validasi materi tataran II. Asiling validasi tataran II saged dipuntingali ing tabel 6. Saking tabel 6 saged dipuntingali bilih validasi tataran II pikantuk rerata persentase biji 53,3% ingkang kagolong cekap. Mindakipun rerata persentase biji validasi tataran II

boten langkung kathah, ananging *media* pasinaon menika miturut dosen *ahli materi* sampun *layak uji coba* kanthi *revisi* ingkang jumbuh kaliyan pamrayogi.

Sasampunipun *media* pasinaon dipundandosi jumbuh kaliyan pamrayogi saking dosen *ahli materi* wonten *validasi tataran II*, lajeng dipuntindakaken *validasi materi tataran III*. Asiling *validasi tataran III* saged dipuntingali ing *tabe 6*. Saking *tabel 6* saged dipuntingali bilih *validasi tataran III* pikantuk rerata *persentase* biji 84,4% ingkang kagolong sae sanget. Rerata *persentase* biji *validasi tataran III* saged mindahak kathah amargi *media* pasinaon sampun dipundandosi miturut pamrayogi saking dosen *ahli materi*. Wonten *validasi tataran III*, dosen *ahli materi* paring dudutan bilih *media* pasinaon menika sampun *layak uji coba* kanthi *revisi* ingkang jumbuh kaliyan pamrayogi.

Sasampunipun *media* pasinaon dipundandosi jumbuh kaliyan pamrayogi saking dosen *ahli materi* wonten *validasi tataran III*, lajeng dipuntindakaken *validasi materi tataran IV*. Asiling *validasi tataran IV* saged dipuntingali ing *tabel 6*. Saking *tabel 6* saged dipuntingali bilih *validasi tataran III* pikantuk rerata *persentase* biji 95,5% ingkang kagolong sae sanget. Rerata *persentase* biji *validasi tataran IV* saged mindahak amargi *media* pasinaon sampun dipundandosi miturut pamrayogi saking dosen *ahli materi*. Saking pambiji menika, dosen *ahli materi* paring dudutan bilih *media* pasinaon menika sampun *layak uji coba* kanthi boten wonten *revisi*.

b) Validasi Kualitas Media dening Dosen Ahli Media

Validasi dening dosen *ahli media* dipuntindakaken supados pikantuk pambiji saha pamrayogi tumrap *kualitas tampilan media* pasinaon ingkang sampun dipundamel. Dosen *ahli media* minangka *validator* inggih menika Ibu Avi Meilawati, M.A. *Validasi* dening dosen *ahli media* dipuntindakaken saking *tataran I* dumugi *tataran II*. . Asiling *validasi kualitas media* saking dosen *ahli media tataran I* saha *tataran II* saged dipuntingali wonten *tabel* ngandhap menika.

No	Indikator	Tataran I		Tataran II	
		Biji	Kategori	Biji	Kategori

No	Indikator	Tataran I		Tataran II	
		Biji	Kategori	Biji	Kategori
Bianglala Aksara Murda					
1	Cethanipun pitedah anggenipun ngginakaken <i>media</i> pasinaon	4	Sae	4	Sae
2	Tatanan warni sampun sae	4	Sae	4	Sae
3	<i>Kesesuaian huruf</i>	4	Sae	5	Sae Sanget
4	Gampil anggenipun mangertosi <i>huruf</i> kangge dipunwaos	4	Sae	4	Sae
5	<i>Kualitas tampilan gambar</i> ingkang sae	4	Sae	4	Sae
6	<i>Keserasian media</i>	4	Sae	4	Sae
7	<i>Kerapian media</i>	4	Sae	4	Sae
8	Tatanan <i>media</i> sampun sae	4	Sae	4	Sae
9	Gampil anggenipun ngginakaken <i>media</i>	4	Sae	5	Sae Sanget
Buku Saku					
1	Tatanan warni sampun sae	4	Sae	4	Sae
2	<i>Kesesuaian huruf</i>	4	Sae	4	Sae
3	Seratan gampil dipunwaos	4	Sae	4	Sae
4	<i>Kualitas tampilan gambar</i> saha <i>proporsi gambar</i>	4	Sae	4	Sae
5	Gampil anggenipun ngginakaken <i>media</i>	4	Sae	4	Sae
Cacahipun Biji		56	Sae	58	Sae Sanget
Rerata <i>Persentase</i> Biji		80%		82,8%	

Adhedhasar tabel ing nginggil menika saged dipunandharaken bilih pambiji saking dosen *ahli media* ing validasi tataran I pikantuk rerata *persentase* biji 80% ingkang kagolong sae. Saking pambiji menika, dosen *ahli media* paring dudutan bilih *media* pasinaon menika sampun *layak uji coba* kanthi *revisi* ingkang jumbuh kaliyan

pamrayogi. Sasampunipun *media* pasinaon dipundadosi jumbuh kaliyan pamrayogi saking dosen *ahli media* wonten *validasi tataran I*, lajeng dipuntindakaken *validasi media tataran II*. Asiling *validasi tataran II* saged dipuntingali ing *tabel 7*. Saking *tabel 7* saged dipuntingali bilih *validasi tataran II* pikantuk rerata *persentase* biji 82,8% ingkang kagolong sae sanget. Saking pambiji menika, dosen *ahli media* paring dudutan bilih *media* pasinaon menika sampun *layak uji coba* kanthi boten wonten *revisi*.

3. Pambiji Guru Basa Jawi tumrap *Media Pasinaon Bianglala Aksara Murda*

Pambiji dening guru basa Jawi dipuntindakaken supados pikantuk pambiji tumrap *kualitas media* pasinaon ingkang sampun dipundamel inggih menika *media pasinaon bianglala aksara murda*. Pambiji dipuntindakaken kanthi *uji coba media pasinaon* wonten kelas supados guru saged mirsani langsung panganggening *media pasinaon*. Salajengipun, panaliti nyaosaken *angket lembar evaluasi* ingkang ngandhut perangan-perangan ingkang kedah dipunbiji dening guru basa Jawi. Guru basa Jawi ingkang dipunwusuni pambiji inggih menika Ibu Alfiyah, S.Pd. minangka guru basa Jawi SMP N 3 Sewon. Guru basa Jawi paring pambiji nalika *uji coba lumampah* inggih menika wonten kelas VIII A SMP N 3 Sewon. Asiling pambiji *kualitas media* saking guru basa Jawi saged dipuntingali wonten *tabel* ngandhap menika.

No	Indikator	Tataran I	
		Biji	Kategori
1	Jumbuhipun <i>materi media</i> kaliyan <i>Komptensi Dasar</i>	5	Sae Sanget
2	Jumbuhipun <i>media</i> kaliyan ancasipun pasinaonan	5	Sae Sanget
3	<i>Media</i> damel <i>motivasi</i> wonten ing pasinaonan	5	Sae Sanget
4	Cethanipun andharan <i>materi</i>	5	Sae Sanget
5	Cetha anggenipun maringi gladhen	5	Sae Sanget
6	Cethanipun pitedah anggenipun ngginakaken <i>media</i>	5	Sae Sanget
7	Guru gampil anggenipun ngginakaken <i>media</i>	5	Sae Sanget

No	Indikator	Tataran I	
		Biji	Kategori
8	<i>Tampilan media bianglala</i>	5	Sae Sanget
9	<i>Tampilan media buku saku</i>	5	Sae Sanget
10	Trepipun tataran warni	5	Sae Sanget
Cacahipun Biji		50	Sae Sanget
Rerata Persentase Biji		100%	

Adhedhasar tabel 8 ing nginggil menika saged dipunandharaken bilih pambiji saking guru basa Jawi pikantuk rerata persentase biji 100% ingkang kagolong sae sanget. Saking pambiji menika, guru basa Jawi paring dudutan bilih *media* pasinaon menika saged dipunginakaken wonten piwulangan aksara Jawa.

E. PIREMBAGAN

1. Cara Damel Media Pasinaon

a. Analisis (analisis)

Tataran analisis katindakaken kanthi *analisis kurikulum* saha *analisis kabetahan siswa*. *Analisis kurikulum* katindakaken kanthi maos saha mangertosi *kurikulum* ingkang dipunginakaken ing pasinaon basa Jawi wonten kelas VIII SMP Negeri 3 Sewon. *Kurikulum* ingkang dipunginakaken inggih menika *kurikulum 2013 provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta*. Asiling *analisis kurikulum* inggih menika sampun dipuntetepaken *Kompetensi Inti* saha *Kompetensi Dasar* ingkang jumbuh kaliyan materi aksara murda. Adhedhasar *Kompetensi Dasar* menika salajengipun dipundamel *indikator*. *Indikator* ingkang dipundamel inggih menika “*Membaca kalimat beraksara Jawa yang memuat aksara murda*”.

Nalika *analisis kurikulum* sampun katindakaken, salajengipun dipuntindakaken *analisis kabetahan siswa*. Asiling analisis kabetahan inggih menika siswa taksih mbetahaken *media pasinaon materi aksara murda* saha *media* ingkang dipunbetahaken menika *media* ingkang boten ngginakaken listrik saha komputer. .

Awit saking kabetahan menika, *media* ingkang dipunpilih inggih menika *media bianglala* kanthi dipunjangkepi *buku saku*.

b. Design (perancangan)

Tataran sasampunipun *analisis* inggih menika *desain (perancangan)*. *Tataran desain media* menika kangge nemtokaken wosipun *media* pasinaon ingkang badhe dipundamel. Wonten *tataran desain media* menika ingkang sepisan panaliti ngempalaken *materi*.

Adhedhasar rantaman *materi* menika lajeng dipundamel *flowchart*. *Flowchart* menika dipunginakaken kangge nggampilaken panaliti damel *rancangan media*. Saking *flowchart* ingkang sampun dipundamel, lajeng dipundamel *storyboard* utawi naskah *media* ingkang nggambaraken wosipun *media*.

c. Development (pengembangan)

Tataran menika dipunwiwiti kanthi damel *media bianglala* aksara murda. Anggenipun damel *media bianglala* ingkang sepisan inggih menika ngempalaken bahan kangge damel *media bianglala* aksara murda. Bahan ingkang dipunbetahaken inggih menika triplek, wesi, karton, kajeng, *sticker*, *baut*, lem, saha *double tipe*.

Sasampunipun damel *media bianglala* aksara murda, dipunlajengaken damel *media buku saku*. *Buku saku* ingkang dipundamel irah-irahanipun inggih “Ayo Gladhen Maos Aksara Murda”. Salejengipun *media bianglala* aksara murda saha *buku saku* menika dipundamel awujud cithak.

Nalika sedaya *media* pasinaon sampun dipundamel awujud cithak, salajengipun dipuntindakaken *validasi*. *Validasi* dipuntindakaken kanthi nyaosaken *media* pasinaon bianglala aksara murda ingkang sampun awujud cithak dhateng dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*. Dosen *ahli materi* wonten *validasi* menika inggih Ibu Venny Indria Ekowati, M.Litt. Wondene dosen *ahli media* inggih Ibu Avi Meilawati, M.A. *Validasi* menika dipuntindakaken dumugi dosen *ahli* paring dudutan bilih *kualitas media* pasinaon menika sampun sae, sampun *layak* menawi badhe dipuntindakaken *uji coba*.

Sasampunipun *media* ingkang dipundaml *layak uji coba*, lajeng *media* dipunsuwunaken pambiji dening guru basa Jawi. Guru basa Jawi ingkang dipunsuwuni pambiji inggih menika Ibu Alfiyah, S.Pd minangka guru basa Jawi SMP Negeri 3 Sewon. Pambiji menika dipuntindakaken kanthi *uji coba media* wonten kelas VIII A SMP Negeri 3 Sewon.

2. Kualitas Media Pasinaon Bianglala Aksara Murda

a. Validasi Kualitas Materi saking Dosen Ahli Materi

Wonten *validasi materi* menika wonten 9 *indikator* ingkang dipunbiji saha dipunparingi pamrayogi dening dosen *ahli materi*. Wonten ngandhap menika dipunandharaken asiling pambiji saha ewah-ewahan *media* pasinaon saben *indikator* adhedhasar pamrayogi saking dosen *ahli materi* saking *tataran I* dumugi *tataran IV*.

1) *Kualitas Anggenipun Paring Motivasi Siswa*

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli materi* babagan *kualitas anggenipun paring motivasi siswa* saking *validasi tataran I, tataran II, tataran III*, saha *tataran IV* pikantuk biji sami inggih menika 4 ingkang kagolong sae.

2) *Jumbuhipun Indikator kaliyan Kompetensi Dasar*

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli materi* babagan *jumbuhipun indikator kaliyan Kompetensi Dasar* saking *validasi tataran I, tataran II, tataran III* pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae. Wondene *validasi tataran IV* pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

3) *Jumbuhipun Materi kaliyan Kompetensi Dasar*

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli materi* babagan *jumbuhipun materi kaliyan Kompetensi Dasar* saking *validasi tataran I, tataran II, tataran III*, saha *tataran IV* pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae.

4) *Leresipun Materi*

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli materi* babagan *leresipun materi validasi tataran I* pikantuk biji 1 ingkang kagolong kirang sanget, *tataran II* pikantuk biji 2 ingkang kagolong kirang, *tataran III* pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae, saha *tataran IV* paring biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

5) Cethanipun Andharan

Asiling pambiji *kualitas media* babagan cethanipun andharan *validasi tataran* I pikantuk biji 1 ingkang kagolong kirang sanget, *tataran* II pikantuk biji 1 ingkang kagolong kirang sanget, *tataran* III pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae, saha *tataran* IV pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

6) Jumbuhipun Gladhen kaliyan *Indikator*

Asiling pambiji *kualitas media* babagan jumbuhipun gladhen kaliyan *indikator* wonten *validasi tataran* I saha II pikantuk biji 1 ingkang kagolong kirang sanget, *validasi tataran* III menika pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae, saha *tataran* IV menika pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

7) Leres anggenipun Ngginakaken Basa kaliyan *Ejaan*

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli materi* babagan leres anggenipun ngginakaken basa kaliyan *ejaan validasi tataran* I saha *tataran* II pikantuk biji 3 ingkang kagolong cekap, *tataran* III menika pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae, saha *tataran* IV menika pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

8) Basa ingkang Dipunginakaken Gampil Dipunmangertosi

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli materi* babagan basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertosi wonten *validasi tataran* I saha *tataran* II pikantuk biji 3 ingkang kagolong cekap saha *tataran* III saha IV menika pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

9) Leresipun Aksara Jawa

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli materi* babagan leresipun aksara Jawa wonten *validasi tataran* I saha II pikantuk biji 1 ingkang kagolong kirang sanget saha *tataran* III saha *tataran* IV menika pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

b. *Validasi Kualitas Media* saking Dosen *Ahli Media*

Wonten *validasi media* menika wonten 14 *indikator* ingkang dipunbiji saha dipunparingi pamrayogi dening dosen *ahli materi*. 9 *indikator* dipunginakaken

kangge mbiji *media* pasinaon perangan *bianglala*, lajeng 5 indikator dipunginakaken kangge mbiji *mdia* pasinaon perangan *buku saku*.

1) Cethanipun pitedah anggenipun ngginakaken *media* pasinaon

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli media* babagan cethanipun pitedah anggenipun ngginakaken *media* pasinaon wonten *validasi tataran* I saha *tataran* II pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae.

2) Tatanan warni sampun sae

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli media* babagan tatanan warni sampun sae wonten *validasi tataran* I saha *tataran* II pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae.

3) *Kesesuaian huruf*

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli media* babagan *kesesuaian huruf* wonten *validasi tataran* I pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae saha *tataran* II menika pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

4) Gampil anggenipun mangertosi *huruf* kangge dipunwaos

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli media* babagan gampil anggenipun mangertosi *huruf* kangge dipunwaos wonten *validasi tataran* I saha *tataran* II pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae.

5) *Kualitas tampilan gambar* ingkang sae

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli media* babagan *kualitas tampilan gambar* ingkang sae wonten *validasi tataran* I saha *tataran* II pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae.

6) *Keserasian media*

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli media* babagan *keserasian media* wonten *validasi tataran* I saha *tataran* II pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae.

7) *Kerapian media*

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli media* babagan *kerapian media* wonten *validasi tataran* I saha *tataran* II pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae.

8) Tatanan *media* sampun sae

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli media* babagan tatanan *media* sampun sae wonten *validasi tataran I* saha *tataran II* pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae.

9) Gampil anggenipun ngginakaken *media*

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli media* babagan gampil anggenipun ngginakaken *media* wonten *validasi tataran I* pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae.

10) Tatanan warni sampun sae

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli media* babagan tatanan warni sampun sae wonten *validasi tataran I* saha *tataran II* pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae.

11) *Kesesuaian huruf*

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli media* babagan *kesesuaian huruf* wonten *validasi tataran I* saha *tataran II* pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae.

12) Seratan gampil dipunwaos

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli media* babagan seratan gampil dipunwaos wonten *validasi tataran I* saha *tataran II* pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae.

13) *Kualitas tampilan gambar saha proporsi gambar*

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli media* babagan *kualitas tampilan gambar saha proporsi gambar* wonten *validasi tataran I* saha *tataran II* pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae.

14) Gampil anggenipun ngginakaken *media*

Asiling pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli media* babagan gampil anggenipun ngginakaken *media* wonten *validasi tataran I* saha *tataran II* pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae.

3.Pambiji Guru Basa Jawi

Wonten pambiji *kualitas media* dening guru basa Jawi menika wonten 10 *indikator* ingkang dipunbiji.

1) Jumbuhipun *materi media* kaliyan *Kompetensi Dasar*

Asiling pambiji *kualitas media* saking guru basa Jawi babagan jumbuhipun *materi media* kaliyan *Kompetensi Dasar* pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

2) Jumbuhipun *media* kaliyan ancasiun pasinaon

Asiling pambiji *kualitas media* saking guru basa Jawi babagan jumbuhipun *media* kaliyan ancasiun pasinaon pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

3) *Media* damel *motivasi* wonten ing pasinaon

Asiling pambiji *kualitas media* saking guru basa Jawi babagan *media* damel *motivasi* wonten ing pasinaon pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

4) Cethanipun andharan *materi*

Asiling pambiji *kualitas media* saking guru basa Jawi babagan cethanipun andharan *materi* pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

5) Cetha anggenipun maringi gladhen

Asiling pambiji *kualitas media* saking guru basa Jawi babagan cetha anggenipun maringi gladhen pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

6) Cethanipun pitedah anggenipun ngginakaken *media*

Asiling pambiji *kualitas media* saking guru basa Jawi babagan cethanipun pitedah anggenipun ngginakaken *media* pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

7) Guru gampil anggenipun ngginakaken *media*

Asiling pambiji *kualitas media* saking guru basa Jawi babagan *media* damel *motivasi* wonten ing pasinaon pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

8) *Tampilan media bianglala*

Asiling pambiji *kualitas media* saking guru basa Jawi babagan *tampilan media bianglala* pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

9) *Tampilan media buku saku*

Asiling pambiji *kualitas media* saking guru basa Jawi babagan *tampilan media buku saku* pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

10) Trepipun tatanan warni

Asiling pambiji *kualitas media* saking guru basa Jawi babagan trepipun tatanan warni pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget.

4. Asiling Pambiji Pungkasan *Kualitas Media*

Validasi dhateng dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, saha pambiji saking guru basa Jawi sampun dipuntindakaken. Nalika nindakaken *validasi*, dosen *ahli* paring pambiji saha pamrayogi. *Media* ingkang dipundamel sampun dipun-*revisi* jumbuh kaliyan asiling *validasi*. *Media* pasinaon dipun-*revisi* jumbuh kaliyan pamrayogi saking dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, saha guru basa Jawi. Sasampunipun *media* dipundandosi, menika nedahaken asiling pungkasan *media* pasinaon *bianglala* aksara murda. Wondene asiling pambiji pungkasan *kualitas media* pasinaon *bianglala* saged dipuntingali wonten *tabel* ing ngandhap menika.

No	Pambiji <i>Media Pasinaon</i>	<i>Persentase</i>	<i>Kategori</i>
1	Dosen <i>Ahli Materi</i>	95,5%	Sae Sanget
2	Dosen <i>Ahli Media</i>	82,5%	Sae Sanget
3	Guru Basa Jawi	100%	Sae Sanget
Asiling rerata <i>persentase</i>		92,7%	Sae Sanget

Adedhasar *tabel* wonten nginggil menika saged dipunandharaken asiling rerata *persentase kualitas media* pasinaon *bianglala* aksara murda inggih menika 92,7% ingkang kagolong sae sanget. Asiling rerata ingkang kagolong sae sanget menika nedahaken bilih *kualitas media* pasinaon ingkang dipundamel menika sampun sae sanget. Rerata *persentase* ingkang sae sanget menika dipunpikantuki saking *validasi* dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, saha pambiji saking guru basa Jawi.

Validasi kualitas media dening dosen *ahli materi* dipuntindakaken kanthi paring pambiji adhedhasar 9 *indikator* inggih menika *kualitas* anggenipun paring *motivasi* siswa, jumbuhipun *indikator* kaliyan *Kompetensi Dasar*, jumbuhipun *materi* kaliyan *Kompetensi Dasar*, leresipun *materi*, cethanipun andharan, jumbuhipun gladhen

kaliyan *indikator*, leres anggenipun ngginakaken basa kalyan *ejaan*, basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertosi, saha leresipun aksara Jawa.

Validasi dening dosen *ahli materi* kantindakaken saking *tataran* I dumugi *tataran* IV. *Tataran* menika katindakaken ngantos dosen *ahli materi* paring dudutan bilih *media* ingkang dipundamel sampun *layak uji coba*. Wonten *tataran* pungkasan inggih menika *tataran* IV pikantuk rerata *persentase* pambiji 95,5% ingkang kagolong sae sanget. Asiling rerata *persentase* ingkang kagolong sae sanget menika nedahaken bilih *materi* salebeting *media* sampun paring *motivasi* siswa, *indikator* sampun jumbuh kaliyan *Kompetensi Dasar*, *materi* sampun jumbuh kaliyan *Kompetensi Dasar*, *materi* sampun leres, andharan sampun cetha, gladhen sampun jumbuh kaliyan *indikator*, basa kaliyan *ejaan* ingkang dipunginakaken sampun leres, basa ingkang dipunginakaken sampun gampil dipunmangertosi, saha panyerating aksara Jawa sampun leres.

Validasi kualitas media dening dosen *ahli media* dipuntindakaken kanthi paring pambiji adhedhasar 14 *indikator* ingkang dipunperang dados kalih. Perangan sepisan inggih perangan *bianglala* aksara murda ingkang ngandhut 9 *indikator* inggih menika cethanipun pitedah anggenipun ngginakaken *media* pasinaon, tatanan warni sampun sae, *kesesuaian huruf*, gampil anggenipun mangertosi *huruf* kangge dipunwaos, *kualitas tampilan gambar* ingkang sae, *keserasian media*, *kerapian media*, tatanan *media* sampun sae, gampil anggenipun ngginakaken. Wondene perangan kaping kalih inggih perangan *buku saku* ngandhut 5 *indikator* inggih menika tatanan warni sampun sae, *kesesuaian huruf*, seratan gampil dipunwaos, *kualitas tampilan gambar* saha *proporsi* gambar, saha gampil anggenipun ngginakaken *media*.

F. PANUTUP

1. Dudutan

Panaliten ingkang dipuntindakaken menika kalebet jinis panaliten *Research and Development (R&D)*. Panaliten *Research and Development (R&D)* inggih

menika panaliten ingkang dipunginakaken kangge ngasilaken *produk* tartamtu saha nguji *keefektifan produk* tersebut. Produk ingkang dipunasilaken inggih menika *media* pasinaon *bianglala* aksara murda ingkang awujud *media tiga dimensi* saha dipunjangkepi kaliyan *buku saku* ingkang awujud cithak. Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaran, nedahaken asil kados ing ngandhap menika.

- a. Caranipun damel *media* katindakaken kanthi gangsal *tataran* inggih menika *tataran analisis, tataran perancangan, tataran damel media, tataran validasi* saha *uji coba*, saha *tataran pungkasan*.
- b. *Validasi kualitas media* pasinaon *bianglala* aksara murda katindakaken dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*. Biji pungkasan *kualitas media* saking dosen *ahli materi* pikantuk rerata *persentase* biji 95,5% ingkang kagolong sae sanget. Biji pungkasan *kualitas media* saking dosen *ahli media* pikantuk rerata *persentase* biji 82,8% ingkang kagolong sae sanget.
- c. *Pambiji kualitas media* pasinaon *bianglala* aksara murda katindakaken dening guru basa Jawi. Biji *kualitas media* saking guru basa Jawi pikantuk rerata *persentase* 100% ingkang kagolong sae sanget.

Adhedhasar asiling pambiji saking dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, saha guru basa Jawi dipunpikantuki rerata *persentase* biji 92,5% ingkang kagolong sae sanget. Asiling rerata *persentase* ingkang sae sanget menika nedahaken bilih *kualitas media* pasinaon *bianglala* aksara murda menika sampun sae sanget, saengga saged narik kawigatosanipun siswa kangge sinau *materi* aksara murda.

2. Pamrayogi

Adhedhasar dudutan wonten nginggil, pamrayoginipun inggih kados ing ngandhap menika.

- a. Panaliti salajengipun saged damel *media* pasinaon kanthi wujud *bianglala* ingkang langkung *kratif, inovatif*, saha *komunikatif* supados saged narik kawigatosanipun siswa wonten ing pasinaon basa Jawi. Panaliti ugi kedah migatosaken majengipun *IPTEK (Ilmu Pengetahuan dan Teknologi)* supados

saged damel *media* ingkang langkung enggal, saengga para siswa boten *bosen* anggenipun sinau.

- b. Panaliti sanesipun saged damel *media* pasinaon ing *materi* aksara murda utawi *materi* sanesipun kanthi *wujud bianglala*, satemah saged ngasilaken *media* ingkang langkung sae, *kreatif, inovatif* saha *komunikatif*.
- c. Siswa saged migunakaken *media buku saku* kanthi mandhiri saha wonten griya.

3. Implikasi

Media pasinaon ingkang dipundamel saged dipunginakaken minangka *inovasi* piwulangan ingkang *komunikatif*. *Media* pasinaon kasebut ugi saged dados panjurung tumrap siswa kelas VIII SMP supados langkung remen sinau pasinaon basa Jawi mliginipun *materi* aksara murda. Kanthi *media bianglala* ingkang dipunjangkepi *buku saku*, siswa saged langkung gampang anggenipun ngapalaken saha sinau maos ukara mawi aksara Jawa ingkang ngandhut aksara murda. *Media* menika dipundamel kanthi bentuk ingkang *unik* saha warni ingkang warna-warni supados saged narik kawigatosanipun siswa.

G. KAPUSTAKAN

- Arsyad, Azhar. 1997. *Media Pembelajaran*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Dharma, Surya. 2008. *Pendekatan, Jenis, dan Metode Penelitian Pendidikan*. Jakarta: Direktorat Tenaga Kependidikan.
- Mulyatiningsih, Endang. 2011. *Metode Penelitian Terapan Bidang Pendidikan*. Yogyakarta: Alfabeta.
- Padmosoekotjo, S. 1989. *Wewaton: Penulise Basa Jawa nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Mukti.
- Peraturan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor: 64/KEP/2013 Tentang Mata Pelajaran Bahasa Jawa Sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/Madrasah.
- Susilana, Rudi dan Riyana, Cepi. 2008. *Media Pembelajaran: Hakikat, Pengembangan, Pemanfaatan dan Penilaian*. Bandung: CV. Wacana Prima.

Sugiyono. 2007. *Metode Penelitian Pendidikan: Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta.

Wati, Ega Rima. 2016. *Ragam Media Pembelajaran*. Jakarta: Kata Pena.